

## РÆСТДЗИЙНАДÆ СЕККАГ КÆМИ НÆ УА, УОМИ АМОНД ÆНТÆСУЙ!..

*Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848), критик: «Ес уæхæн æцæгдзийнæдтæ, адæймаг аллибон ке уинуй, хуарз ке зонуй, зæгъæн, сæрдигон гъар ке фæууй, зуймон ба уазал, уаруни ке ниххулуй уодзæнæ, арт ба араугæ ке кæнуй. Фал махмæ хатгай уотæ рауайуй, æма еци хумæтæги æцæгтæ логикæ æма диалектики еугур тухти агъазæй гъæуай кæнун багъæуй...»*




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№41 (866) 2022 анзи 29 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман




# «НИФС, ЛÆГДЗИЙНАДÆ УАРЗЕТÆ, СКÆНТÆ МУГГАГМÆ СТУР НОМ...»

Уотæ нин фæдзахста нæ номдзуд Малити Геуæрги æ уадзимистæй еуеми. Æма ихæсгин ан, еуемæй, æ рохс ном ин æностæмæ цитгинæй имисунæй, иннемæй ба æ фæдзæхст арфиаг гъуддæгутæй æнхæст кæнунæй. Гъе уомæ гæсгæ нæ газети алли мæйи кæрони дæр ци уæлæфтауæн «Царди айдæнæ» рауадзæн, е æнæгъæнæй дæр арæзт æй Малити Геуæргий туххæй æрмæгутæй æма æхе туххæй финст уацтæй. Етæ уин, æруагæс ни кæнуй, зундгонд æнцæ, фал сæ уæддæр еума хатт мухур кæнæн – еуемæй, æ райгурдбæл 23 октябри исæнхæст æй æхсæрдæс æма æхсæзинсæй анзи (1886-1942) æма 'й æримисунæй ихæсгин ан; иннемæй ба, нуртæкккæ бабæй циуавæрдæр къæсибадæг «сæрбонстæ» багъавунцæ дигорон æвзаг æма литературæ исдзурдтаг кæнунмæ, гъома, цæмæн гъæунцæ, зæгъгæ. Æма син мах Малити Геуæргий лæгдзийнæдтæй æма алæмæттаг исфæлдистадæй зæгъæн: еци æдзæстуарзонтæ цийфæнди фудвæндитæ ку аразонцæ, уæддæр дигорон æвзаг дæр æма дигорон литературæ дæр цард-цæрæнбонти цардæгас уодзæнæнцæ, сæ гъомусадæй уодзæнæнцæ цæмæдесаг нæ дзиллæн.

## АХСГИАГ ХАБАР



### БÆРНОНДÆРÆЙ АРХАЙУН – РÆСТÆГ ÆМА УАВÆРТИ ДОМÆН

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий идарддæри социалон-экономикон райрæзти фæдбæл Уæрæсей Президенти амунддзийнæдтæ куд æнхæстгонд цæунцæ? Аци æма æндæр ахсгиаг фарстатæбæл лæмбунæг дзубанди раудæй Уæрæсей Хецауади хæдзари.***

Фиццаги-фиццагидæр, амунд фарстатæбæл лæгæйлæгмæ æрдзубанди кодтонцæ Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Новак** æма Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Фæстæдæр дзубанди райдарддæр æй, федералон ведомствитæ æма регионалон министрадти минæвæрттæ дæр си архайдтонцæ, уотемæй.

Дзубандий рæстæг сæрмагонд æргом здæхт æрцудæй 2023-2025 æнзтæн республики бюджети социалон статьятæ æнхæст кæнунæн фагæ фæрæзнитæ иснисан кæнунмæ, уæдта æндæр цалдæр ахсгиаг инвестицион проектмæ.

Зæгъæн, Президенти амунддзийнæдтæй еу баст адтæй Дзæуæгигъæуи комплексон ирæзти фарстати хæццæ. Еци нисанбæл косгæй, профилон федералон æма регионалон ведомствити минæвæрттæ бацæттæ кæндзæнæнцæ сахари идарддæри райрæзти мастер-пълан.

Бони фæтки фастатæбæл дзоргæй, Сергей Меняйло куд фегъосун кодта, уотемæй корпораци «ВЭБ.РФ» урухæй архайуй æма идарддæр дæр архайдзæнæй республики промышленнон, инфраструктурон æма экспортон проектти.

Æмбурди архайгутæ æркастæнцæ сахар Беслæни райрæзти генералон пълани уагæвæрдтæ æнхæст кæнуни фæткæмæ дæр. Сергей Меняйло куд фæббæрæг кодта, уотемæй пъланмæ хаст 17 ахсгиаг социалон объекти арæзтадæн гъæугæ фæрæзнитæ афойнадæбæл дехгонд цæунцæ.

Профилон ведомствитæ æма подрядон организацити архайдæн хуарз аргъ искæнгæй, Александр Новак бафæдзахста, цæмæй Беслæни райрæзти генералон пълани еугур мадзæлттæ дæр гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ уæлдай бæрнондæрæй.

## ÆРИМИСУЙНАГ БÆРÆГБОН



### АДТÆЙ СÆ ТОХ АДÆМÆН РÆСТАДИ СÆРБÆЛТАУ

Советон доги нæ паддзахадон бæрæгбæнттæн сæ сæйрагдæр адтæй Цитгин Октябри Бон. Хъæбæр кадгинæй бæрæггонд цудæй 7 ноябри. Уæдмæ Советон Цæдес фехалдæй æма «нæуæг» Уæрæсей «нæуæг» цардиуагæ аразгутæн сæ уодесæги хузæн адтæнцæ советон цардарæзти хæццæ цидæриддæр баст адтæй, еци æгъдæуттæ æма фæткитæ, цæмæй сæ кой æгириддæр нæбал игъустайдæ, уобæл еци мæстæлгъæй байархайдтонцæ æма Цитгин Октябри Бони бæсти æримистонцæ нæуæг бæрæгбон – аразидзийнадæ æма бафедуддзийнади Бон. Уогæ еци ном дæр фæстæдæр æййивд æрцудæй æндæр нæуæг номæй æма абони хуннуй адæмон еудзийнади Бон. Бæрæггонд цæуй 4 ноябри. Аци бæрæгбони туххæй ма дзордзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми. Абони ба уæ зонгæ кæнæн, евгъуд æноси райдайæни фæллойнæгæнæг дзиллæ сæ барти æма сæ сæребарæдзийнади сæрбæлтау рæстзæрдæй куд тох кодтонцæ, уой фæдбæл хабæртти хæццæ. Æрмæг кæсетæ 4-5 фæрстæбæл.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Николай ГОГОЛЬ (1809-1852), финсæг: «Æз архайдтон игъæлдзæг æма амондгун царди фæткитæ раргом кæнунбæл, æма дестæ кодтон, амондмæ зудæй ка бæлдтæй, еци адæм, е сæбæл куддæр исæмбæлдидæ, уотæ си уайтæккæдæр фæлледзæги уиуонцæ...»*



**ИСАХЪТИ Олег, республики финанси министр:**

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...

– Куд нисангонд цæуй, уотемæй иннæ анз нæ республики бюджети æфтуйæгти бæрцæ гъæуама рауайа 38 миллиард сомемæй фулдæр, хæрзти бæрцæ ба – 39 миллиард сомемæй фулдæр. Ци дефицит исæвзуруйнаг æй, е ба гъæуама æрцæуа уæлæнхасæн æфтуйæгти æма æндæр фæрæзнити фæрци. Иннæ анзи бюджетæн æ сæйрагдæр нисанеуæг æй социалон – æ хæрзти 70 проценти удзæнæнцæ ахурадæ, æнæнездзийнадæ, културæ æма спорти фарстатæн дехгонд.



**Анзи райдайæнæй фæстæмæ уæхæн комплекстæ 800 хатти бабæрæг кодтонцæ нæ республики еугур районтæ дæр æма уой фæрци 18,5 мин адæймаги исбæлвурд кодтонцæ се 'нæнездзийнади уавæр. Национ проект «Æнæнездзийнадæ»-йи бундорбæл Цæгат Иристони медицинон косæндæнттæ фарæ райстонцæ дæс уæхæн комплекси. Ирæфи районы цæугæ фельдшерон-акушерон пункт, уæдта флюорогрæфтæ æма маммогрæфтæ. Еци нæуæгдзийнæдти фæрци нæ республики цæргутæн фадуат фæцæй бæрæг бæлвурд се 'нæнездзийнадæ исбæрæг кæнунæн, æма аци мадзал идарддæр дæр цæуй.**



**Адæми кæлæдздзаг хæдзæрттæй нæуæг цæрæнуæттæмæ раййевунæн федералон Хецауадæ Цæгат Иристонæн хæстæгдæр рæстæг уæлæнхасæн радех кæндзæнæй 68 миллион сомей бæрцæ. Уой фæдбæл сæрмагонд унаффæ исфедар кодта Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин. Федералон Хецауади пресс-служби минæвар куд радзурдта, уотемæй еци фæрæзнити фæрци нæуæг цæрæнуæттæ дæтдзæнæнцæ, сæ нури хæдзæрттæ 2017 анзи 1 январи агъоммæ кæлæдздзагбæл кæмæн банимадтонцæ, уæхæн адæмæн.**

## ЦАУТÆ ÆМА ХАБÆРТТÆ

Цæгат Иристони нуртæккæ рæзæдæнтти фæзуат æй 3200 гектаремæй фулдæр, сæ 60 проценти ба ахæссунцæ фæткъубæлæстæ. Фарæ си æрæмбурд кодтонцæ хуæрзгъæдæ фæткъути 50 мин тонни, аци анз ба си гъæуама æрæмбурд кæнонцæ уомæй фондз мин тонни фулдæр. Еци тиллæгæй, цæйбæрцæ багъæудзæнæй, уойбæрцæ æрвист цæудзæнæй республики базартæ æма уæйæгæнæндæнттæмæ, иннæ хай ба – иннæ регионтæмæ.

* * *

**Нæ республики фæсевæдон политики ахедгæдæрæй æнхæст кæнуни нисанеуæгæй федералон профилон агентадæ субсидити хузи радех кæндзæнæй 105,2 миллион соми.**

* * *

Аци анзи алли афæнтти дæр ка косдзæнæй, еци тематикон «Аланипарк»-и арæзтади проекти фиццаг хай банхæст кæнунмæ гъавунцæ 2024 анзи. Е æрбунат кæндзæнæй Дзæуæгигъæуи сæрмæ Гæмæх хонхи цæгаттаг фахсбæл. Удзæнæй си æфсæйнагæй рæтæн ауигъд над, æхсæйвон рохсгонд хуæнхон-къахдзонæгъти над, фæлгæсæн цалх, фусунуæттæ, велосипедтæбæл балцигæнæн маршруттæ æма æндæр равгитæ.

* * *

**Федералон Хецауадæ зæрдæ æвæруй, еугур социалон нисантæ æнхæст кæнунæн ци хæрзтæ гъæуй, етæ 2023-2025 æнзти бюджети æвæрд æрцæудзæнæнцæ. Куд нисангонд цæуй, уотемæй фиццаг сувæллони райгурди фæдбæл ниййерæги капитал иннæ анз гъæуама исуа 589 мин соми. Пенситæ фæффулдæр уодзæнæнцæ 4,8 проценти. Пъланмæ хаст ка не 'рцудæй, фæдзæхстадон пенсий еци индексаций бæрцæ 21 мин сомемæй фæффулдæр уодзæнæй. Фæффулдæр уодзæнæнцæ еугур социалон феддуйнæгтæ дæр.**

* * *

Хомаг кустади архайди бæрæггæнæнтæ фæгъгъомусгиндæр æнцæ 28,8 проценти. Гæгъæди æма гæгъæдин продукци уадзуни архайди бæрæггæнæнтæ фæффулдæр æнцæ 43,1 проценти. Химион бауæргъæдтæ æма химион продукций уагъд – 4,5 проценти, электрон ефтонггæрзти уагъд – 28,4 проценти, ниуæзти уагъд – 1,4 хатти фулдæр.

## РОХСАГ УО...



# Æ РОХС НОМ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРДЗÆНÆЙ НÆ ЗÆРДИТИ...

Уогæ ба цæйбæрцæбæл æгæрон зин æй, хуæрзуагон æмбал æма зæрдхæлар æмкосæг ни ке фæххецæн æй, æ æносон дуйнемæ ке банæхстæр æй, уой фæдбæл дзорун… Зин ба уомæй æй, æма уоййасæбæл игъæлдзæг, цардбæллон, зæрдæй фæлмæн æма удæй кæдзос, райдзаст æма характ адæймаги туххæй хъонц кæнгæй аккаг дзурдтæ иссерун… Уогæ уæхæн дзурдтæ æрдзи, æвæдзи, зингæ дæр нæ ракæндзæнæнцæ… Уой мах, газет «Дигорæ»-йи редакций косгутæ нæхебæл бавзурстан, нæ уарзон æмбал æма æмкосæг Баликъоти Мæхæмæти фурт Тотраз æрæги æ уæлзæнхон цардæй ке рахецæн æй, уой зиндзийнадæй.

Алли уодгоймаг дæр æ райгурцæй ба сауæнгæ æ рамæлæти уæнгæ æхецæн фæннимайуй æ номи, æ кади æма æ фарни мæсуг. Амайгæ ба 'й фæккæнуй æ зунд, æ хъаурæ, æ уодиконди гъæздугдзийнадæ æма æ зæрди кæдзосдзийнадæй, æ цардиуаги рæсугъддзийнадæй. Баликъоти Тотрази къохи дæр бафтудæй æхецæн, æ ахилæн, æ бийнонтæн, æ берæ ахургæнуйнæгтæн, махæн, е 'мкосгутæн, сауæнгæ еугур Дигорæн дæр, берæ æнзти дæргъи идæрдтæмæ еугуремæ дæр ка зиндзæнæй, кади уæхæн федауцæ æма æнæфехалгæ мæсуг исамайун.

Баликъоти Мæхæмæти фурт Тотраз райгурдæй 1963 анзи 30 ноябри Ирæфи районы Чиколай гъæуи. Астæуккаг скъола каст фæууни фæсте æ ахур райзолдæр кодта Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети историон факультети. Уой æнтæстгинæй каст фæуугæй, косун райдæдта æ райгурæн гъæуи фиццаг астæуккаг скъолай ахургæнæгæй. Ахургæнæги кустæй уæлдай ма æ зæрдæмæ хæстæг æвæрд адтæй журналисти куст дæр, æма 'й уомæ гæсгæ цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте байагурдтонцæ Ирæфи районы газет «Ирæф»-и редакцимæ сæрмагонд уацхæссæгæй косунмæ. Цæйбæрцæбæл кустуарзон адтæй, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма æ фæллойнадон ихæстæ кæнунæй уæлдай ма исарæхстæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети аспирантурæ фæсауунмæ каст фæуунмæ дæр. Фæстæдæр, историон наукити кандидат исуогæй, Баликъой-фурт косун райдæдта аци уæлдæр ахургæнæндони историон факультети хестæр ахургæнæгæй. Адтæй политологий кафедри доцент, разамунд лæвардта социалон-гуманитарон Центрæн. 2010 анзи багъæуай кодта историон наукити доктори диссертаци. Адтæй наукон разамонæг аспиранттæн, етæ æ дæсни разамунди фæрци æнтæстгинæй багъæуай кодтонцæ сæ диссертацитæ. Тотразæн бантæстæй берæ статьятæ æма монографитæ ниффинсун æма сæ мухури рауадзун. Адтæй киунугæ «Чиколай истори»-й автортæй еу.

Баликъоти Тотраз, 2012 анзæй фæстæмæ куста Республикон газет «Дигорæ»-йи хайади редакторæй.

Баликъоти Тотрази уодуæлдай фæллойнæн аккаг аргъгонд æрцудæй нæ республики хецауади 'рдигæй – 2013 анзи ин лæвæрд æрцудæй майдан «Иристони намусæн». Хуарзæнхæгонд ма 'рцудæй Хецауадæ æма Парламенти Кади грамотитæй, берæ æндæр хуæрзеугутæй… Хъæбæр зин æй, уоййасæбæл искурдиадæгин æма рæстзæрдæ адæймаги уæлзæнхон цард, æ тæккæ исфæлдистадон тæмæни бацæугæй, уотæ ке рацубуртæ 'й, е…

Баликъоти Мæхæмæти фурт Тотрази рохс ном, куд хæлар æма рæстуод адæймаг, æ уарзон адæми еузæрдиуон æма æновуд фурти ном некæд феронх уодзæнæй нæ дзиллити зæрдитæй...

***Газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив***

## АХСГИАГ ФАРСТАТÆ

Хайон фæдздзурдмæ гæсгæ нæ бæсти Гæрзефтонг тухти рæнгъитæмæ Цæгат Иристони цæргутæй кæмæ фæдздзурдтонцæ, уонæмæ æма сæ хеуæнттæмæ ци фарстатæ фæззиннуй, уонæбæл син цæмæй æнхæст дзуæппитæ лæвæрд цæуа, уой туххæй нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой бафæдзæхстмæ гæсгæ регионы разамунди Республикон центр æма бархеуонти агъази фæстауæрци Центри бундорбæл арæзт æрцудæнцæ æма косунцæ информацион-консультацион агъази колл-центртæ. Уордæмæ бадзорунæн телефони номертæ 'нцæ: 77-62-67 (косуй сæуми 8 сахаттемæй изæри 20 сахаттей уæнгæ).

* * *

**Сæрмагонд тугъдон операций ка архайуй, уæдта хайон фæдздзурдмæ гæсгæ Гæрзефтонг тухти рæнгъитæмæ ке байагурдтонцæ, уонæмæ дæр æма сæ хеуæнттæмæ дæр уой фæдбæл ци фарстатæ исæвзуруй, уонæбæл син бæлвурд дзуæппитæ дæттуни нисанеуæгæй слестгæнæн управлений арæзт æрцудæй «Горячая линия», зæгъгæ, сæрмагонд мадзал. Уордæмæ бадзоруни телефон: 8-928-235-09-82, косуй лæвар, æнæгъæнæ сутки дæргъи.**

* * *

«Багъæуай кæнæн гъæдæ», зæгъгæ, Еугуруæрæсеуон акций архайгæй, Алагири дууæ гектарей фæзуати арæзт æрцудæй сурх толдзи 1800 талай. Еци арфиаг гъуддаги архайдтонцæ гъæдгæсади косгутæ, Цæгат-Кавказаг гъæди хæдзаради косгутæ æма Алагири скъола-интернати ахурдзаутæ.

Æрæги Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй фиццаг фæсевæдон-ахурадон æмбурд. Архайдтонцæ си республики уæлдæр æма астæуккаг сæрмагонд ахургæнæндæнтти ахурдзаутæ – æдеугурæй 400 адæймагемæй фулдæр. Æртæ боней дæргъи етæ аллихузон гæнæнти фæрци æрдзубанди кодтонцæ, фæсевæдæн абони сæ карнæ аразуни гъуддаги ахсгиаг ка 'й, еугур уæхæн фарстатæбæл.

* * *

**Æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади Цæгат Иристони территориалон фонди директор Дзагойти Алани загъдмæ гæсгæ фонди бюджет 2023 анзи исуодзæнæй 11 миллиард соми.**

**Цæгат Иристони дзиллæ алли анз дæр 30 октябри зæрдхъурмæй æримисунцæ, 1992 анзи фæззæги фудбæлахи цаути ка бастъалдæй, уони рохс нæмттæ.**

# Æ КАДÆ – СÆРУСТУЙРАГ, ИМИСÆН ÆЙ ЗÆРДИАГÆЙ!..

Уæрæсей цæрæг хестæр фæлтæрти минæвæрт беретæ, æнæмæнгæ, фæскомцæдесмæ барæ дарунцæ. Кадæртæ си æ иуонгтæ нæ адтæнцæ, фал уæддæр фæскомцæдеси хъæппæресæй ци берæ гъæугæ гъуддæгутæ арæзт цудæй, уонæй еуварс нæ адтæнцæ – ка си архайдта тугъдон гъазт «Зарницæ»-йи, ка ба си æмбурд кодта æфсæйнаг æма гæгъæдий бурæнттæ, будуйрон кустити адтæнцæ раззагдæрти хæццæ. Æма кæд уотæ ’й, уæд 60 миллион адæймагемæн ес рæуонæ устур бæрæгбон исбæрæг кæнунæн: 1918 анзи 29 октябри арæзт æрцудæй фæскомцæдес.

Уой архайди фиццаг бæнттæй фæстæмæ сæйрагдæр адтæй Ленини фæдзæхст: «Коммунизмбæл ахур кæнун!..» Абони бæрæг-бæлвурд æй еу гъуддаг: фæскомцæдесæн ци рæстæг рауадæй архайгæ, уой дæргъи е æригæнттæн иссæй æцæг цардон скъола, кæций «каст» фæцæнцæ 100 миллион адæймагемæй фулдæр.

Нæ цæститæбæл ахид рауайуй уæхæн нивæ. 1918 анзи фæззæги æ куст райдæдта косæг æма зæнхкосæг фæсевæди фиццаг Еугуруæрæсеуон съезд. Уоми сæхецæн кадгин сæрдарæй равзурстонцæ В.И. Ленини, фал нæфæразгæ ке кодта (уой размæ ’й революций знæгтæ фæццæф кодтонцæ), уомæ гæсгæ съезди архайун æ бон не ’ссæй. Съезди делегаттæ имæ рарвистонцæ сæ минæвæртти. Ленин фæсевæдбæл бацийнæ кодта. Уæд еуемæ, уæдта иннемæ лæвардта аллихузон фарстатæ: цал губерний минæвæрттæ архайуй съезди, циуавæр зæрдиуагæ ес делегаттæмæ. Дзубанди син байеудагъ æй, Ленин игъæлдзæгæй æвдиста æхе, худтæй. Делегатти ’хсæн адтæй дигорайаг Цъебойти Барис дæр. Уомæн дæр фадуат фæцæй æма æ дзурд багæлста: «Махмæ, Киристонгъæуи, не скъола фехалдæй...» Ленин æвеппайди дзуапп равардта: «Фехалдæй? Исаразетæ ’й!»

Цидæр адтæй, уæддæр фæскомцæдеси фæлтæртæ, сæ бон куд адтæй, уотæ æнхæст кодтонцæ Ленини фæдзæхститæ æма цард анзæй-анзмæ гъæздугдæр, рæсугъддæр кодта.

Берæ агъазиау æвдесæнтæ æр-



Циртдзæвæн æдзард фæскомцæдесонтæн Дзæуæгигъæуи Фæскомцæдесон парки.

хæссун æнгъезуй Ленин фæсевæди размæ ци фарстатæ æвардта, уонæн советон доги æригæнтти фæлтæртæ бæлвурд гъуддæгутæй ци дзуапп лæвардтонцæ, æ нистауæнтæ ин куд æнхæст кодтонцæ æма сæ царди куд уагътонцæ, сæ хъауритæбæл куд нæ аурстонцæ, алли фондзанзони дæр фæскомцæдесонтæн ахури, фæллойни, æхсæнадон кусти ци æнтæстдзийнæдтæ æма уæлахезтæ æфтудæй сæ къохти, уомæн. Уæ зæрдæбæл ба уин сæ айдагъ уой туххæй нæ лæуун кæнæн, æма æримисæн, еци æнзти фæсевæд куд хъазауатонæй тох кодтонцæ хуæздæр исонибонбæл, фал нæ фæндуй, цæмæй абони æригон адæм уонæй сæрустур куд уонцæ, уони куд фæнзонцæ æма нуртæккæ сæ размæ ци рæсугъд нисантæ ес, уони фæскомцæдеси хузæн æнтæстгинæй куд æнхæст кæнонцæ, цæмæй си адæм дæр сæрустур уонцæ æма сæхуæдтæ дæр сæхецæй боз куд уонцæ.

Абони кадæртæ фæскомцæдеси фаунцæ, алли каколатæ ибæл имисунцæ, фал царди бæрæггæнæнтæ ба æндæр хабæрттæбæл дзорæг æнцæ. Нæ царди фæскомцæдесæн адтæй устур кадæ, устур нисан. Фæскомцæдеси рæнгъити уогæй, æригон адæймаг берæвæрсуг ирæзтæй, æ царди нисантæмæ тундзгæй ин адтæй фадуæттæ еу къæпхæнæй иннемæ хезунæн, ести уæлахез æ къохи ку бафтуйдæ, уæд æй парти разæнгард кодта никки уæлдæр уæлахезмæ.

Ахури дæр, кусти дæр адтæй фæнзуйнаг, ке фæнзтайдæ, е лæудтæй æ фарсмæ æма ’й рæдуйун нæ уагъта. Нуртæккæ Уæрæсей хецауадæ, уæдта регионти ци разамунд ес, уонæн сæ 90 проценти æнцæ фæскомцæдеси гъомбæлгонд кадртæ.

Æвæдзи, уомæ гæсгæ аразунцæ алли рауæнти фæскомцæдеси комитеттæ, сахарти, гъæути базмалдæнцæ фæсевæд, федауцæ æма гъæугæ нисантæмæ син над ка амона, кустмæ, ахурмæ сæ ка разæнгард кæна, уæхæн фæскомцæдес куд иснæуæг кæнонцæ, уобæл æй сæ архайд. Гъо, нæуæгæй æригæнтти зæрдити азæлунцæ зари дзурдтæ: «Нæ фæххецæн уодзæнæн фæскомцæдеси хæццæ, æносмæ æригонæй байзайдзæнæн». Фæскомцæдес æй царди устур скъола æма фæнзуйнаг æй алли æригон адæймагæн дæр.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ÆМБАЗУРГИН МÆРГЪТÆ ЕУ АРФÆГОНД РАУÆНМÆ ФÆТТÆХУНЦÆ!..

Советон доги фæскомцæдеси ахедундзийнадæ кæстæрти гъомбæлади гъуддаги цæйбæрцæбæл агъазиау адтæй, уой нур дæр ма зæрдиагæй ахидæй-ахиддæр æримисунцæ. Æма хъæбæр бахъонц кæнунцæ, цæйбæрцæбæл æдули миуæ адтæй, уой фехалун. Уой, æвæдзи, лæдæрунцæ хецаудзийнади медæгæ дæр – хумæтæги нæ архайунцæ фæскомцæдеси хузæн гъомусгин еугонд исаразунбæл, фал… Æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ, абони ма нæ гъæуй фæскомцæдеси хузæн фæсевæдон еугонд, зæгъгæ, уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уони дзуæппитæ еумæйагæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (проценттæй нимайгæй).

* * *

Уæрæсейæгтæн сæ фулдæр – 79% – æнцæ фæскомцæдеси хузæн фæсевæдон еугонд исаразуни фарс. Раст зæгъгæй, хестæр фæлтæрти гъудимæ гæсгæ гъæуама арæзт æрцæуа, фæсевæди идеологон гъомбæладæбæл архайунæй комкоммæ ихæсгин ка уа, уæхæн еугонд. Æ рæстæги ФЕЛКЦ-и архайд растбæл нимайунцæ, æ рæнгъити ка адтæй, уонæн сæ 82%, ка си нæ адтæй, уонæн




ба сæ 60%. Уой размæ социологтæ куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй дзурдтæ «ФЕЛКЦ» æма «фæскомцæдес» нæ бæсти цæргутæн зæрдæхцæуæн æнцæ, уомæн æма син баст æнцæ сæ æригондзийнади, хуæрзвæткæ æма хуæрзуаги, арæзтæдтæ æма арæзтадон къуæртти, патриотизм, хæлардзийнадæ æма æмзундæнгомдзийнади, уæдта хуæрзæгъдау æма рæстзæрдæдзийнади хæццæ.

* * *

Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Æмбазургин мæргътæ еу арфæгонд рауæнмæ фæттæхунцæ!..» Æма советон доги нæ фæсевæди æмбазургин кодта фæскомцæдес, уой рæнгъити уогæй æмзунд-æмвæндæй æскъуæлхтæнцæ сæ арфиаг гъуддæгутæй. Æма нæ абони дæр гъе уæхæн фæсевæдон еугонд гъæуй, кæци исуидæ нæ кæстæртæн зæрдтагон.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



Советон цардарæзти тæккæ райдайæни еу гъæдгæройнаг бонгин бийнонти кæстæртæ се ’мгæртти фæнзгæй фæскомцæдесонтæ ку иссæнцæ, уæд сæ фидæ æ мулкитæ – сугъзæринттæ паддзахадæн балæвар кæнунбæл син ке нæ арази кодта, уомæ гæсгæ ибæл, кумæ гъудæй, уордæмæ багъаст кодтонцæ. Уайтæккæ сæ хæдзари исмедæг æнцæ деголæгæнгутæ, фал ку неци иссирдтонцæ хæдзари хецаумæ, уæд имæ баурдуг æнцæ: дæ сугъзæринттæ кæми баримахстай, уой зæгъæ!.. Æ фурттæ дæр имæ, паддзахадæ исмæгур æй æма сæ уомæн радтæ, зæгъгæ, ниллæудтæнцæ, уæд фидæ рамæстгун æй æма ниййнæфтæй: «Æз сæ сумахæн æмбурд кодтон, æма, кæд сумах нæ гъæунцæ, уæд мæн дæр нецæмæн гъæунцæ. Сумах ке нæ зонетæ, уæхæнттæ дæр ма мæмæ хецæнæй тугури ес æма уони дæр рахæссетæ!

* * *

Æруагæс уи кæнуй æви нæ, фал уæди фæсевæд, уæлдайдæр ба фæскомцæдесонтæ уоййасæбæл рæстзæрдæ адтæнцæ, æма, нæуæг цардарæзти гъуддæгути бацæугæй, рæстуодæй си архайдтонцæ, уой сæрбæлтау ма нивонд кодтонцæ сæ бийнонти – хе хъиамæттæй бакуст! – есбонадæ.

Мадта Советон Цæдеси фехæлди фæсте «нæуæг цардарæзти» фæрци еугурадæмон гъæздугдзийнæдтæбæл æдзæсгонæй фæххæлæф кæнгæй, ка рабонгин æй, уони цæуæт дæр сæ фидтæлти мулкитæбæл нæ ауæрдунцæ – кæми сæ сæ зæрдидзæбæхæн парахаттæй харз кæнунцæ, кæми ба сæ фæсарæнтæмæ – уой дæр, Уæрæсей нихмæ комкоммæ ка ’й, еци паддзахæдтæмæ дæр!.. – тиллеф кæнунцæ. Сæ дзубандитæмæ гæсгæ ба уонæй патриотдæр Уæрæсей неке æй...



**Николай НЕКРАСОВ (1821-1877), поэт: «Фудзæрдæ хæссунæй ка бафæллайа, еци зæрдæ уарзунбæл некæд исахур уодзæнæй...»**

* * *

Фудзæрдæ нæмæ ка дардта, уонæмæ еци зæрдихаттæй кæсуни бæсти аллихузон уарзундзийнæдтæй æгæр ке табедзæ кодтан, нæ еци зæрдхæлардзийнадæ нин нæ фæрстæй фæцæй. Æзинæ нæмæ уотид искъес-къос кæнун дæр ка не ’ндиудта, етæ нæбæл нур ба кедæр ардудæй сæ рæйунæй не ’нцайунцæ. Баруагæс уи уæд, хъæбæр рæхги ибæл хъæбæр æрфæсмон кæндзæнæнцæ...



**Наполеон БОНАПАРТ (1769-1821), францусаг император: «Райгурæн бæстæ уарзун æй цивилизацигонд адæймаги фиццагидæр хуæрзменеуæг...»**

* * *

Мæнæ нур уæрæсейæгтæй фæсарæнтæмæ ка фæлледзæги æй, етæ уомæй басастæнцæ сæ райгурæн бæстæ ке нæ уарзунцæ, уобæл. Уомæ гæсгæ ба, цивилизацийæй сæ æрдзон искони неци ес. Мадта сæ ци исхонæн ес? Æвæдзи – нецитæ æма некетæ!..



**Антон МАКАРЕНКО (1888-1939), номдзуд педагог: «Еунæг гъуддагæн дæр нæййес хуарз исаразæн, циуавæр æнтæстдзийнадæмæ исхезуни фæдбæл æй, уой нæ зонгæй...»**

* * *

Махмæ дæр кæдæй ардæмæ циуавæр реформитæ арæзт ба не ’рцудæй æма ма нерæнгæ дæр цæуй. Сæ ракъахгутæ нин берæ хуæрзтæй зæрдитæ бæргæ февæрунцæ, фал, куд рабæрæг уй, уотемæй сæ хъæппæрестæ сæхуæдтæ дæр æнхæст нæ фæллæдæрунцæ... Еци азуймæгтæбæл сæ æнæзунд миути фудæй сæхебæл неци ’рцæуй, еугур зæрантæ махбæл, хумæтæг адæмбæл ранцайунцæ...

**Номдзуд тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Чочити Семени фурт Василийи райгурдбæл 2 ноябри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1917-1947).**

*Генри БОЛИНГБРОК (1678-1751), англисаг ахургонд: «Абони дæбæл, къулух ке 'нцæ, уомæ гæсгæ æнцайæн лæдзæги хузæн ка æнцойнæ кæнуй, етæ, рацæудзæнæй рæстæг, æма дæ еуварс расхуайдзæнæнцæ, куд æнæгъæугæ дзаума, уотæ...»*



Дигори партизанти къуар.

# ÆМА ИСДЗУРДТОНЦÆ АДÆМ УÆД ЕУМÆ СÆ ЦАРДИ БАРТÆБÆЛ!..

***Нæ номдзуд поэт æма публицист, зингæ революцион архайæг, советон цардарæзт Иристони æрфедар кæнунбæл еузæрдиуон тохгæнæг Гæдиати Цомахъ е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:***

*Дардыл фæзындзысты тохы нысантæ,*
*Тохы хъæр ацæудзæн, анхъæвздзæн дардыл.*
*Стыхджын уыдзысты сæрибары фæндтæ,*
*Сдзурдзысты адæм уæд иумæ сæ цардыл!..*

***Æма æцæгæйдæр уотæ адтæй, гъе уæхæн зундирахаст адтæй уæди, нæуæг цардиуагæ æрфедар нифсæй тохи ка бацудæй, еци адæмон дзиллитæмæ. Раст си ци адтæй æма си зулундзийнадæй ци разиндтæй, уонæбæл нæ дзордзинан – гъе нури доги «зундæй» кадæртæ бустæги æнцонтæй еци хузи дехтæ кæнунцæ уæдиккон цаутæ.***

***Уобæл ба нæ расагъæс кæнунцæ, æма уæд хумæтæг фæллойнæгæнæг дзиллитæ æцæгæй ке æуувæндтæнцæ, ралæудтæй сæ рæстæг æма сæ бон æй сæ цард сæ тохи фæрци фæййамондгиндæр кæнун.***

*Фæдес, фæдес – нæ фæсевæд ци фæцæй?*
*Догъони хай æнæ уагæй нæ фæцæй.*
*Фæдесмæ тагъд æрæмбурд уотæ къумтæй,*
*Дæргъæвс, Хъобан, Дигоргомæй, Къæмунтæй...*

***Уотæ финста нæ зингзæрдæ поэт Багъæрати Созур. Æма фæдесмæ æрбамбурд æнцæ сæребарæуарзæг дзиллитæ. Байеудагъ син æй тох, раздæриккон цардиуагæ фехалунбæл арази ка нæ адтæй, уони нихмæ...***

***Уæди рæстæги цаутæ æма хабæртти туххæй дзубанди цæуй, мæнæ дæлдæр ке мухур кæнæн, еци уаци дæр.***



**ТОТОЙТИ Михал**
(1910-1979),
историон наукити доктор,
профессор

Уорсгвардион инæлар Шкурой бандитæ Иристон ку байахæстонцæ, уæд Ири сæйрагдæр революцион хъауритæ æрбунат кодтонцæ Дигоргоми. Ами ма адтæнцæ Кæсæг æма Балхъарæй ка 'рбацудæй, еци партизантæ, хъазахъæгтæ-керменисттæ, мæздæггаг партизантæ, Ири партизантæмæ ка бацудæй, еци дууæ ротей æфсæддонтæ. Цубурдзурдæй, адтæнцæ интернационалон бригадæ. Уой æфсæдтæ нифсгун æма бæгъатæрæй тох кодтонцæ Деникини бандити хæццæ. Еци тохæн разамунд лæвардта партион организаци, æ сæргъи сосæгкустгæнæг окружком, уотемæй. Уой сæргъи ба адтæй Æбати Шамил. Партион организаций разамундæй партизантæ еу æма дууæ бæрзæйсæттæн цæфи нæ никкодтонцæ уорсгвардион æфсæдтæн. С.М. Киров финста, зæгъгæ, Деникини инæлæрттæ фулдæр се 'ргом æздахтонцæ керменисттæ æма иннæ сæребарæуарзагæ адæмтæ кумæ рандæнцæ, уордæмæ – Дигоргоммæ. Уорсгвардион æфсæдтæ сæхе цæттæ кодтонцæ фæстаг тохмæ.

Деникини æфсади разамонгутæ фронтæй Дигоргом гъæуайгæнгути нихмæ æрбагæлстонцæ сæрмагонд æфсæдтæ. Етæ гъавтонцæ керменисттæ æма партизанти ниппурхæ кæнунмæ.

Керменисттæ-большевикти æма партизанти штаб фиццаг адтæй Дигоргоммæ бацæуæни. Ардæмæ Ири сæйрагдæр хъауритæ ку æрæмбурд æнцæ, уæд партий окружком исаразта æмбурд. Ами, Тæкъоти Симони фæндæмæ гæсгæ, хаст æрцудæй унаффæ, Дигоргом гæнæн æма амал цæйбæрцæ æй, уойбæрцæ гъæуай кæнун. Уæдта ма баунаффæ кодтонцæ, коммæ еугур иннæ бацæуæнтæ исфедар кæнуни æма гъæуай кæнуни туххæй. Еци еугур мадзæлтти зæрдæй архайдтонцæ сабур цæрæг адæм. Дигоргом гъæуайгæнгутæн устур агъаз бакодтонцæ Уæллагири коми сосæгкустгæнæг большевиктæ æма партизантæ. Етæ алкæддæр бастдзийнадæ дардтонцæ Дигоргоми керменистти штаби хæццæ.

Арæзт æрцудæй тугъдон революцион совет æ сæргъи Тогъойти Данел, уотемæй. Æдеугурæй Дигоргом гъæуайгæнгути нимæдзæ адтæй 550 адæймаги, фæстагмæ ба уони нимæдзæ исхъæрттæй дууæ минемæ.

1919 анзи феврали фиццаг бæнтти партизантæ тохун райдæдтонцæ Деникини бандити хæццæ æма уони бунæттон агъазгæнгути хæццæ. Раздæр æзнаг гъавта ком еу цæфæй байсунмæ. Партизанти нихмæ уæд истох кодта уорсгвардион къниаз Серебряков-Даутокови отряд. Уой нихмæ Æхсæрисæр æма Чиколай астæумæ рацудæй Тогъойти Данели къуар æма берæ зиантæ æрхæсгæй, æзнаги фæлледзæги кодта.

Партизантæ балæдæрдтæнцæ, æзнаг æ размæ ке æвæруй уæхæн ихæс, цæмæй Дигоргом байсонцæ. Уомæ гæсгæ тугъдон революцион совет иснисан кодта ком багъæуай кæнуни туххæй уæлæнхасæн мадзæлттæ исаразун. Арæзт æрцудæй хонхæй коммæ къæдзæхи дортæ ка гæлстайдæ, уæхæн сæрмагонд къуæрттæ. Етæ æрбунат кодтонцæ къæдзæхи цъопбæл æма æзнаг ку 'рбазиннидæ, уæд ибæл дортæ рауадзиуонцæ. Æзнагбæл цудæй берæ зиантæ. Дорти фиццаг цæф æхебæл бавзурста Деникини болкъон Леуси отряд.

Партизанти æма керменистти фиццаг цæф бавзаруни фæсте къниаз Серебряков-Даутоков дуккаг хатт Дигори Баделиатæ æма курттатаг гъæздугути минæвæртти хæццæ еумæ нæуæгæй нимпурста партизанти нихмæ. Æзнаг байста Æхсæрисæр. Ами рамардтонцæ цалдæр партизани. Фал сæ уæдмæ Тогъойти Данели къуар ардигæй дæр фæссурдтонцæ. Знаги нихмæ тохи Чикола æма Хæзнидони астæу фæммард æй зундгонд коммунист-керменист, Чикола, Лескен æма Дæргъæвси партизанти разамонæг Будтути Муха.

Уой фæсте ба нæуæгæй партизанти нихмæ æрвист æрцудæнцæ нæуæг æфсæдтæ. Чиколамæ æрбацудæй болкъон Икъай-фурт. Е дзубанди кодта партизанти хæццæ, гъома, дан, мæ Дигоргоммæ бауадзетæ æма уин цуппар пулемети ратдзæнæн. Фал партизантæ сæхебæл сайд не 'руагътонцæ æма Икъай-фуртæн загътонцæ, дæ над фæстæмæ дарæ, зæгъгæ. Фал сæмæ е нæ байгъуста. Ири «хецау» Хабай-фурти унаффæмæ гæсгæ фæсевæди туххæй кæнун байдæдта Деникини æфсадмæ. Уой ку базудтонцæ партизанти къуар, уæд сæ сæргъи Хæллати Х., уотемæй нимпурстонцæ Чиколамæ æма байстонцæ уорсити штаб аллихузон документти хæццæ. Уацари бахаудтæнцæ æртæ уорс афицери дæр. Еци хабар фегъосгæй, Иристони «хецау» Хабай-фурт хъæбæр исмæстгун æй. Дæс мин соми лæвардта Тогъойти Данели сæрбæл, фондз æма инсæй мини ба – æгасæй æй ка 'рбакæна, уомæн.

Ирон большевиктæ æма партизантæ уорсити нихмæ Дигори бæгъатæрæй ку тох кодтонцæ, уæд Æрæдони ба 1919 анзи 20 мартъий адтæй, «Ирон съезд» ке хонунцæ, е. Съезди архайгутæн сæ фулдæр адтæнцæ афицертæ, æлдæрттæ æма баделиатæ, сагинтæ, моллотæ, кулактæ æма æндæр реакционертæ. Съезди дзубанди кæнгæй, болкъон Хъусай-фурт домдта Æрæдони «дууæ ауиндзæни исаразун æма фондз æма инсæй адæймагей бæрцæ нииййауиндзун».

Уорсгвардион бандитæ 1919 анзи феврали Дигоргоммæ бацæунмæ гъæвтонцæ Уæллагири комбæл. Бутати Хъазбег куд финсуй, уотемæй Уæллагири коми керменисттæ 1919 анзи феврали фиццаг æмбеси ком фæгъгъæуай кодтонцæ дууæ къуæрей дæргъи, фал сæмæ тохæнгарз æма хуæруйнаг ке нæбал адтæй, уомæ гæсгæ ба сæ бунатæй рандæнцæ. Уони фæсте коммæ бацудæнцæ хъазахъаг-ирон уорсити къуар æ сæргъи болкъон Голий-фурт, уотемæй. Еци къуар æрбунат кодта коми гъæути æма уоми адтæнцæ, цалинмæ еугур фонс æма хуар нæ бахуардтонцæ, уæдмæ.

Уæдмæ Уæллагири коми балæудтæй болкъон Цæликкай-фурти контрреволюцион къуар. Æ зæрди адтæй байеу кæнун æ къуар Уæллагкоми партизанти хæццæ. Фал етæ, сæ сæргъи Арсæгти Горга, уотемæй нæ исарази 'нцæ æма син загътонцæ, цæмæй фæстæмæ рандæ уонцæ.

Болкъон Икъай-фурт, ротмистр Цæллаги-фурт, къниаз Серебряков-Даутоков æма болкъон Цæликкай-фурти мадзæлттæй ку неци рауадæй, уæд еци фæдбæл Дигоргом байсунбæл сæ «амонд» бавзарун исфæндæ кодтонцæ болкъон Гутъий-фурт æма къниаз Анзоров. Фал етæ дæр, се 'фсæдтæбæл устур зиантæ æрцæугæй, ледзæги фæцæнцæ.

Еци дзамани æрцудæй уæхæн цау. Деникини æфсади командиртæ исфæндæ кодтонцæ, Чиколай ци уорсгвардионтæ адтæй, уонæн байагъаз кæнун партизанти нихмæ тохи, æма Владикавказæй уордæмæ байагурдтонцæ дууæ роти, цуппар пулемети æма æндæр тохæнгæрзтæ. Роти æфсæддонтæ

**Автомобилон транспорти косгути Бон бæрæггонд цæуй хуцаубони, 30 октябри. Уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ аци къабази косгутæн, рæствæндаг уотæ алкæддæр!..**

адтæнцæ 11-аг Сурх Æфсади уацайрæгтæ, сæ командиртæ ба – деникинонтæ. Чиколамæ цæугæй Æрæдони сосæгкустгæнæг коммунисттæ агитацион куст бакодтонцæ еци æфсæдти 'хсæн, æма етæ дæр партизанти 'рдæмæ рацудæнцæ.

Деникини æфсæдти Терки-Дагестани крайи командæгæнæг инæлар Ляхов исфæндæ кодта нæуæгæй Киристонгъæубæл арт бафтаун. Уордæмæ æрвист æрцудæй берæ æфсæдтæ. Уони хæццæ ма адтæнцæ бунæттон контрреволюционертæ дæр. Командæ син кодта инæлар Водбольский. Сæумæцъæхæй знаг æртухстæй гъæубæл. Æфсæдтæн лæвæрд æрцудæй карз бардзурд, тохæнгæрзтæбæл æма адæмбæл дæр куд ауæрдонцæ, уой туххæй. Инæлар Водбольский Киристонгъæуи цæргутæй, æртæ сахаттей æмгъудмæ, байагурдта еу миллион пути хуар, 500 бæхи æд сæргътæ, 500 нимæти, 5000 топпи æма дууæ миллион гилдзи. Уомæй идарддæр фæсевæд цудæнцæ «хебарæ» æфсадмæ. Никки ма байагурдта, цæмæй ин амунд æрцудайдæ 400 керменистти.

Еци рæстæг гъæуи адтæй 200 керменистти. Етæ зудтонцæ, æзнаг тухгиндæр ке 'й, уой, æма Сау гъæдæмæ рандæнцæ. Уæд гъæуи цæргутæй 12 мин адæймагей бæрцæ ракодтонцæ будурмæ, æртæ бони сæ уоми фæддардтонцæ, сæ мулк син фæддавтонцæ. Еци дзамани æзнаги къохæй мард æрцудæй парти «Кермен»-и ЦК-и сæрдар Цæголти Геуæрги.

Хуæнхон адæм сæхе цæститæй фæууидтонцæ Деникини æфсади фудмиутæ æма еузæрдиуондæрæй бауарзтонцæ Советон хецаудзийнадæ, сæ хъауритæбæл нæ аурстонцæ знаги нихмæ тохи.

Киристонгъæу ниппурхæ кæнунæй син ку неци рауадæй, уæд Деникини æфсæдтæ се 'ргом раздахтонцæ хонхи Дигоргæмæ. Уоми ба адтæнцæ айдагъ керменисттæ нæ, фал «хебарæ» æфсæдтæмæ ка нæ бакумдта, етæ дæр. Еци рæстæг керменисттæ базудтонцæ, Мæхчески саугин Церетелий хæдзари контрреволюционертæ ке æрæмбурд кодтонцæ берæ тохæнгæрзтæ. Уорс æфсæдтæ гъавтонцæ партизанти фæстеггæй ниццæвунмæ. Партизантæ-керменисттæ – 35 адæймаги – сæ сæргъи Тогъойти Данел, уотемæй æрбалæбурдтонцæ Мæхческмæ æма байстонцæ тохæнгæрзтæ.

Тогъойти Данели къуар иннæ хатт нимпурста Чиколамæ æма æзнагæн бакодта берæ зиантæ: мард си æрцудæй 39 адæймаги, байста бæхтæ, тохæнгæрзтæ.

Дигоргоммæ бампурсун 1919 анзи уалдзæги бавзурста болкъон Хъарабугъати Х. къуар, Уæллагири коми 'рдигæй ба – болкъонтæ Гутъий-фурт æма Уруми-фурти къуæрттæ. Фал син си неци рауадæй. Парти «Кермен»-и сосæгкустгæнæг окружком, æ сæргъи Æбати Шамил æма Тугъдон-революцион совет æ сæргъи Тогъойти Данел, уотемæй балæдæрдтæнцæ, знаг сæ нихмæ тухгин нимпурст ке цæттæ кæнуй, уой. Фæллойнæгæнгути знаги нихмæ исразæнгард кæнуни туххæй, исаразтонцæ коми цæргути митинг Задæлески рази. Уоми радзубанди кодтонцæ Тогъойти Данел, Æбати Шамил, Арсæгти Горга æма хуæнхон зæнхкосгути минæвæрттæ. Митинги ка адтæй, еци партизантæ ирæнттæ, кæсгæнттæ, балхъайрæгтæ, урусгаг æфсæддонтæ, хъазахъæгтæ-керменисттæ æма бунæттон цæргутæ ард бахуардтонцæ, ком федарæй ке багъæуай кæндзæнæнцæ, уой туххæй.

Уорсгвардион æфсæдти нихмæ ахсгиагдæр тохти активонæй архайдтонцæ Будури Дæргъæвси, Лескени, Толдзгуни, Секери æма Дзæгъепбарзи керменисттæ.

Уорс æфсæдти командæкæнуйнадæ берæ æфсæдтæ бакодта Чиколай размæ æма æртухстæнцæ Сау гъæдæбæл. Еци гъуддаг бæлвурд фæззиндæр кодта партизанти уавæр – фæлламæгъдæр æнцæ сæ бастдзийнадтæ гъæути хæццæ, нæбал син фагæ кодта хуæруйнаг æма тохæнæрмæг. Фал уæддæр гъæддухæй тох кодтонцæ æзнаги нихмæ. Киристонгъæу ниппурхæ кæнуни туххæй Деникини бардзурд исæнхæст кæнгæй, инæлар Водбольский нур ниддæрæн кæнунмæ гъавта Дигоргом. Берæ æфсæдтæ æрæмбурд кæнгæй, уæдта бунæттон контрреволюцион хъаурити фæрци, уорс æфсæдтæ аллирдигæй нимпурстонцæ Дигоргоммæ. Еци гъуддаги архайдтонцæ болкъонтæ Хабай-фурт æма Гутъий-фурти уорс æфсæдтæ, къниазтæ Анзорови æма Серебрякови уорсгвардион къуæрттæ, уорс хъазахъæгтæ сæ сæргъи инæлар Водбольский æма болкъон Леус, бæделиати къуæрттæ, сæ сæргъи уорс афицер Хъарабугъай-фурт, уотемæй. Партизантæн сæ бон цæйбæрцæ адтæй, уойбæрцæ нихкъуæрд лæвардтонцæ æзнагæн. Фал хецæн рауæнти уæддæр уорс æфсæдти бон бацæй партизанти нихмæ æнтæстгинæй истохун. Партизантæ æма керменистти уавæр фæззиндæр æй. Рагацау сæ тохæнгæрзтæ хонхи цъæсти баримахстонцæ, партизанти къуæрттæ, сурхæфсæддонти хæццæ еумæ æфцæгбæл рахизтæнцæ Гурдзимæ. Е адтæй 1919 анзи майи.

Фал Гурдзимæ еугур партизантæ нæ рандæнцæ. Дигоргоммæ бацæуæни байзадæй Хæллай-фурти партизанти къуар. Уой æма Ботъой-фурти партизантæ ма тох кодтонцæ æзнаги нихмæ. Уорс æфсæдти нихмæ тохи партизанти бæгъатæр тох æма фæллойнæгæнгути лæгдзийнадæмæ се 'ргом раздахтонцæ Г.К. Орджоникидзе æма С.М. Киров.


ДЗАНТИАТИ Юрийи конд хузæ «Æгас цæуæд революци!»

«Деникин Кавкази», зæгъгæ, статьяй Киров финста: «Хебарæ лæгмартæ сæхе цæттæ кодтонцæ Сурх-Дигорæ байсуни фæстаг нимпурстмæ. Арæзт æрцудæй коммæ еугур æфцæгутæбæл дæр нимпурсуни пълан. Уой исæнхæст кæнун бафтудæй деникинонти къохи. Дигорæнттæ лæвардтонцæ карз нихкъуæрд, фал фæстагмæ, сæ фæстаг хъауритæ фæцæнцæ æма гъæддаг деникинонтæ, хуæнхаг кулактæ, афицертæ æма æндæрти хæццæ кодтонцæ, Киристонгъæуи ци райдæдтонцæ, уой».

